



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE YON KANPAY SANSIBILIZASYON PIBLIK SOU
RESOUS POU SWEN SANTE REPWODIKSYON YO NAN NEW YORK**

Baze sou rapò ki simaye toupatou yo ki di Sant Gwosès Aksidantèl yo ap bay enfòmasyon medikal enkòrèk pou twonpe moun sou sèvis sante repwodiksyon yo pou dekouraje avòtman, kanpay sa a ap bay fi yo enfòmasyon kòrèk sou opsyon yo genyen nan ka gwosès endezirab, sa gen ladan avòtman

Fas a atak federal kontinyèl yo sou dwa repwodiksyon, Gouvènè Cuomo pral remèt kou pou pwoteje aksè fi yo genyen a dwa repwodiksyon epi l ap kontinye mande Sena a kodifye Roe v. Wade

Kanpay sansibilizasyon piblik global Konn Ki Opsyon Ou Genyen an pral mete Nouyòkè yo an kontak avèk sèvis sante repwodiksyon kòrèk, sa gen ladan planin familyal, swen gwosès ak sèvis avòtman

Reklam yo ap ankouraje fi yo ale sou ny.gov/planning pou konn ki opsyon yo genyen, jwenn enfòmasyon

Fas a atak repete yo sou aksè a swen sante repwodiksyon, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse yon kanpay sansibilizasyon piblik pou mete fi yo an kontak avèk sèvis swen sante repwodiksyon konplè, konfidansyèl ak kòrèk medikalman. Kanpay la pral gen ladan reklam nan metwo ak enfòmasyon tradui an plizyè lang pou garanti fi yo gen aksè apwopriye a tout opsyon sante repwodiksyon yo, tankou paregzanp planin familyal, swen gwosès ak avòtman.

Aksyon sa yo se repons dirèk a rapò ki simaye toupatou ki di òganizasyon yo rele Sant Gwosès Aksidantèl yo (Crisis Pregnancy Centers, CPC) fè fo deklarasyon sou tèt yo kòm sant sante pou dekouraje moun k ap chèche fè avòtman yo mete chwa sa a egzekisyon. Rapò sa yo montre CPC yo souvan sèvi avèk fo reklam pou twonpe moun epi ofri sèvis gratis pou atire fi yo nan biwo yo, kote yo sanse ap ba yo move enfòmasyon epi twonpe moun k ap chèche enfòmasyon sou gwosès. Aksyon sant sa yo gen dwa jennen dwa Konstitisyon an pwoteje ke Nouyòkè yo genyen pou yo chèche swen sante repwodiksyon epi yo gen dwa mete yo an danje poutèt y ap anpeche yo resevwa enfòmasyon medikal kòrèk.

“Pandan gouvènman federal la ap fè lagè kont dwa repwodiksyon fi yo, New York pral remèt kou pou pwoteje aksè fi yo a swen sante konplè, san danje ak bon mache”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan New York, nou refize kite Prezidan Trump ak Washington fè nou fè bak epi mete an danje dwa Nouyòkè yo. N ap lanse kanpay sansibilizasyon piblik sa a pou konbat simayman trèt enfòmasyon medikal enkòrèk k ap twonpe moun sou sante repwodiksyon epi pou garanti tout fi New York yo konn ki opsyon yo genyen legalman.”

Kanpay sansibilizasyon piblik la gen ladan reklam nan metwo pou gide Nouyòkè yo pou y ale sou yon sit wèb ki gen enfòmasyon medikal kòrèk detaye sou gwosès, avòtman, planin ak sa pou yo chèche nan yon sant sante repwodiksyon. N ap distribye enfòmasyon yo toupatou nan eta a nan plizyè lang.

Sèvis sante repwodiksyon yo disponib nan men founisè ak klinik. Si yon moun bezwen èd pou jwenn yon founisè apwopriye kanpay la ap voye li tou sou yon [lis](#) pwogram swen sante toupren li k ap ofri sèvis planin familyal ak swen sante repwodiktif konplè, konfidansyèl pou tout fi, gason, ak adolesan kèlkeswa kapasite yo pou peye oswa estati imigrasyon yo. Si yon kliyan pa gen asirans, oswa li pa kapab peye kopeman oswa dediktib li, y ap sèvi avèk yon barèm baze sou revni kliyan an pou detèmine si y ap fè li peye yon frè. Founisè yo kapab enskri fi yo nan yon asirans maladi bon mache tou si sa nesèsè.

Kanpay sa a ajoute sou abitud Gouvènè a pou li lite pou aksè a sèvis sante repwodiksyon, sa gen ladan avòtman. Anvan sa Gouvènè Cuomo te bay lòd pou Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services) egzije pou konpayi asirans maladi yo ofri kouvèti pou tout tip medikaman ak dispozitif kontraseptif san ni kopeman, ni ko-asirans, ni dediktib, kèlkeswa avni Lwa sou Swen Abòdab a (Affordable Care Act); ofri sèvis avòtman ki nesèsè medikalman yo san ni kopeman, ni ko-asirans, ni dediktib (sòf si plan an gen yon dediktib elve); epi ofri enfòmasyon konplè ak kòrèk sou kouvèti a.

Alasuit desizyon gouvènman federal la pou li pwopoze Brett Kavanaugh pou Tribinal Siprèm nan, Gouvènè a [te pwomèt](#) pran mezi pou defann valè pwogresis New York yo kont ajenda konsèvatè ekstrèm Administrasyon Trump lan, sa gen ladan batay pou kodifye pwoteksyon Roe v. Wade yo pou fè yo vin tounen lwa eta. Pandan plizyè ane, Gouvènè Cuomo te pouse pou kodifye desizyon Roe v. Wade Tribinal Siprèm lan ak règleman posteryè yo pou vin tounen lwa Eta a pou garanti aksè fanm yo a opsyon sante repwodiktif yo. Gouvènè a ap mande yon lòt fwa ankò adopsyon pwojè lwa a pou pwoteje dwa fanm yo pou yo kapab pran desizyon swen sante pèsonèl epi asire ke pwofesyonèl swen sante yo kapab bay sèvis krisyal sa yo san laperèz sanksyon kriminel. Asanble a te adopte pwojè lwa pou kodifye pwoteksyon Roe v. Wade yo pou sis ane pase yo, ki enkli pandan Sesyon Lejislatif 2018 la.

“Swen sante repwodiksyon se yon dwa epi yo dwe aksesib, bon mache, ak san danje pou tout fi”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Avèk dwa repwodiksyon fi yo ki sou atak administrasyon Trump la, nan New York n ap pase a yon vitès siperyè pou garanti pwoteksyon swen sante fi yo. Gras a kanpay sansibilizasyon piblik sa a, n ap ogmante sansibilizasyon sou sèvis swen familyal ak sante ki disponib pou fi yo nan

Eta New York. An menm tan, Gouvènè a avèk mwen n ap kontinye mande Sena Eta a pou li kanpe pou fi yo epi kodifye Roe v. Wade pou pwoteje dwa yon fi pou li chwazi.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)